

**Kesyon #1**  
**Pwopozisyon Modifikasyon nan Chat 1 an**

Te Soumèt Bay Elektè yo Pa:  
Pwojè Lwa Nimewo 240005 (apwouve nan dat 12 Jen 2024);  
Nimewo Rezolisyon 240030 (adopte nan dat 30 Me 2024)

**Kesyon sou Vòt:**

Èske yo ta dwe amande Chat Otonomi Lokal Filadèlfia a pou kreye Biwo Medyatè pou Sèvis Sanzabri yo pou ede rezidan ki sanzabri yo, pou ede bay aksè ki ekitab nan resous esansyèl, pou amelyore kalite lavi nan sistèm abri a, pou fè ankèt sou plent kliyan yo, ak pou bay sipèvizon ak rekòmandasyon pou pwofesyonèl sèvis sanzabri Vil la?

**Deklarasyon:**

Chat Otonomi Vil la etabli estrikti gouvènman Vil la. Chat la se konstitisyon Vil la.

Yon vòt "wi" vle di ou apwouve kreyasyon yon nouvo Biwo Medyatè pou Sèvis Sanzabri nan gouvènman Vil la. Biwo sa a pral ede moun ki pa gen kay yo jwenn sèvis yo bezwen, epi travay pou amelyore sèvis Vil la pou sanzabri yo.

**Kesyon #2**  
Pwopozisyon Modifikasyon 2 nan Chat la

Te Soumèt Bay Elektè yo Pa:  
Pwojè Lwa Nimewo 240061 (te vin yon lwa nan dat 4 Septanm 2024);  
Nimewo Rezolisyon 240068 (adopte nan dat 6 Jen 2024)

**Kesyon sou Vòt:**

Èske yo ta dwe amande Chat Otonomi an pou ogmante kantite minimòm ki dwe atribye pou depans pou objektif Fon Fidisè pou Lojman yo nan bidjè fonksyònman Vil la chak ane?

**Deklarasyon:**

Chat Otonomi Vil la defini estrikti gouvènman Vil la, ki gen ladan règ sou fason Vil la ka depanse lajan.

Kounye a, Chat la egzije pou yon sètan montan lajan Vil la disponib pou depanse nan pwogram ki lye ak batiman ak pou mentni lojman ki abòdab. Montan sa a baze sou depans jeneral Vil la.

Si ou vote "wi" pou kesyon ki nan vòt sa a, sa vle di ou apwouve pou mande pou enkli yon lòt montan pou menm rezon sa a. Montan anplis la t ap egal ak montan lajan devlopè yo peye Vil la chak ane pou avantaj zonaj yo.

**Kesyon #3**  
**Pwopozisyon Modifikasyon nan Chat 3 a**

Te Soumèt Bay Elektè yo Pa:  
Pwojè Lwa Nimewo 240817 (apwouve nan dat 12 Fevriye 2025);  
Rezolisyon Nimewo 240834-A (adopte nan dat 19 Desanm 2024)  
Rezolisyon Nimewo 250018 (adopte nan dat 30 Janvye 2025)

**Kesyon sou Vòt:**

Èske yo ta dwe amande Chat Otonomi Vil la pou kreye yon Komisyon Sipèvizon Kominotè Prizon Filadèlfia endependan ak Biwo Sipèvizon Prizon an ak pou plis otorize Konsèy Vil la pou detèmine konpozisyon an, pouvwa ak obligasyon Komisyon an ak Biwo a?

**Deklarasyon:**

Chat Otonomi Vil la defini estrikti gouvènman Vil la, Selon aktyèl Chat la, yon komisyon konsiltatif ki rele Komisyon Administrasyon Prizon Filadèlfia a adope nòm ak direktiv pou prizon yo nan Vil la.

Si w vote "wi" pou kesyon ki nan vòt sa a, sa vle di ou apwouve pou ranplase Konsèy Administrasyon Prizon Filadèlfia a ak yon nouvo biwo Vil la ki dirije pa Direktè Sipèvizon Prizon an ak yon komisyon ki rele Komisyon Sipèvizon Kominote Prizon Filadèlfia a.

Biwo Sipèvizon Prizon an t ap responsab pou revize politik yo, fè ankèt sou pratik, ak rekòmande chanjman nan Depatman Prizon yo. Li t ap sipòte tou travay la Komisyon Sipèvizon Kominotè Prizon Filadèlfia a.

Komisyon an t ap fè rankont piblik regilye epi bay konsèy sou fason pou fè prizon Vil la fonksyone pi byen epi yon fason ki plis ekitab.